Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №1» с.п. Аргудан
Лескенского муниципального района
Кабардино-Балкарской Республики

Рассмотрена
на заседании ШМО
учителей родного языка
и литературы
_________ Л.М. Машукова
Протокол №__1___
от "27" августа 2021г.

Согласована
Заместитель
директора по УВР
__________ Р.М. Машукова
"28"августа 2021г.

Утверждаю
Директор
МКОУ "СОШ №1"
с.п. Аргудан
_________ М.Х. Халишхова
Приказ №230
от "30" августа 2021г.

Подписано цифровой подписью: Халишхова Марита Хажисмеловна
DN: cn=Халишхова Марита Хажисмеловна, o=МКОУ "СОШ №1" с.п.Аргудан, ou, email=lesken01@mail.ru, c=RU
Дата: 2021.08.30 12:53:53 +03'00'

# Рабочая программа

## __Родной язык и родная литература_
(образовательная область)

## Родная литература (кабардино-черкесская)
( наименование учебного предмета, курса)

## ___Среднее общее образование____
(уровень образования)

## ______2021-2023 годы______
(срок реализации программы)

**2021 г.**

Зыубзыху тхыгъэ

10-11-нэ классхэм адыгэ литературэмк1э рабочэ программэр зэхэлъхьа хъуащ Егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э КъБр-м и Министерствэм къищта автор гупым зэхигъэува «Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) литературэмк1э 10-11-нэ классхэм папщ1э программэм» (Налшык, 2010), мы къэкIуэну тхылъхэм япкъ итк1э:

1. «Адыгэ литературэ» (Хрестоматие) 10 класс, Ержыб А.Къу., Налшык «Эльбрус» 2014
2. «Адыгэ литературэ» (Учебник) 10 класс, Ержыб А.Къу., Налшык «Эльбрус» 2015
3. «Адыгэ литературэ» (Хрестоматие) 11 класс, Т1ымыжь Хь.Т.., Налшык «Эльбрус» 2014

**Егъэджэныгъэм и мурадхэмрэ къалэнхэмрэ:**

- художественнэ тхыгъэ яджым теухуауэ сочиненэ – рассужденэ, доклад, реферат ятхыфу егъэсэн;
- еджак1уэхэм художественнэ литературэр зищ1ысыр, ар искусствэ л1эужьыгъуэу зэрыщытыр егъэщ1эн;
- еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьын
- художественнэ тхыгъэ яджым къыхэщ образхэм тепсэлъыхьыфу, зэпкърахыфу егъэсэн;
- адыгэ лъэпкъым и хабзэр, и нэмысыр, и тхыдэр ящ1эу къэгъэхъун;
- гу къабзэ зи1э ц1ыхур ц1ыхум и дахап1эу зэрыщытыр ящ1эу къэгъэтэджын;
- художественнэ тхыгъэхэм я сюжетхэр, художественно-изобразительнэ 1эмалхэр къагъуэтыфу есэным хущ1экъун;
- эстетикэ и 1уэхук1э гуры1уныгъэф1хэр, гъащ1эм, дунейм я дахэмрэ я 1еймрэ зэхагъэк1ыфу, зыхащ1эу, 1ейм зыщахъумэфу егъэсэн.

**Адыгэ литературэр яджкIэрэ сабийм ягъуэтын хуей зыужьыныгъэр.**

**ЕджакIуэм и зэфIэувэныгъэм ехьэлIауэ (личностнэхэр):**

- ныбжьыщIэхэм литературэм къыхахыу зэхэщIыкI лъагэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ яхэлъу къэтэджэныр; цIыхугъэм и щапхъэхэр, гуп хэтыкIэ хабзэхэр, благъэми хамэми яхуэфащэ пщIэмрэ нэмысымрэ къагурыIуэу, Хэкур фIыуэ ялъагъуу, жылагъуэ Iуэхухэмрэ щхьэзакъуэ гурыгъуэхэмрэ зэрагъэзэгъыфу, дэтхэнэми лъысыпхъэ пщIэр хуащIыжу къэхъуныр;
- еджакIуэхэр я анэдэлъхубзэкIэ зекIуэ IуэрыIуатэмрэ тхыгъэ нэхъыфIхэмрэ щыгъуазэ щIыныр, абыкIэ хуэфащэ пщIэр анэдэлъхубзэм хуащIу икIи иригушхуэу къэхъуныр, лъэпкъ литературэм и тхыдэмрэ нобэрей и щытыкIэмрэ кууэ щыгъуэзэныр, абы и жанр нэхъыщхьэхэр, тхакIуэ-усакIуэхэр, тхыгъэ нэхъыфIхэр къагурыIуэныр;
- IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэхэр, литературэ тхыгъэхэр псэкIэ зыхащIэу, зэпкърахыфрэ абы хэлъ фIагъхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ литературэмрэ тхыдэмрэ ящыщ щапхъэхэр къагъэсэбэпурэ къагъэнахуэфу, езыхэми псалъэр эстетикэм и хабзэкIэ ягъэшэрыуэфу, литературэр гъуазджэм и нэгъуэщI пкъыгъуэхэм зэрадэгъуэгурыкIуэмрэ къазэрыщхьэщыкIымрэ IупщIу зэхащIыкIыу есэныр.

**Адыгэ литературэр ядж предмету зэрыщытым ехьэлIауэ (предметнэхэр):**

– тхакIуэм е усакIуэм къигъэлъэгъуа теплъэгъуэхэмрэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэмрэ я нэгу къыщIагъэувэжыныр;
– тхыгъэр щызэпкърахкIэ, абы и гупсысэ нэхъыщхьэр, художественнэ щытыкIэр къэлъытэныр;
– художественнэ тхыгъэр зыщыщ литературнэ лIэужьыгъуэр (родыр) къащIэныр (эпос, лирикэ, драмэ);
– тхыгъэм къигъэув къалэн нэхъыщхьэр къэхутэныр;
– тхыгъэм зыгъэлъагъуэ-зыIуатэ Iэмалхэр, сюжетым, тхыгъэм и ухуэкIэм, хэт образхэм я къалэн нэхъыщхьэр гъэбелджылыныр;
– тхыгъэм хэт литературэ лIыхъужьыр сыт и лъэныкъуэкIи къэгъэлъэгъуэныр, зы тхыгъэм хэт лIыхъужьхэр е тхыгъэ зыбжанэм хэтхэр зэрагъэпщэныр;
– художественнэ тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэмрэ литературэ лIыхъужьхэмрэ авторым хуиIэ щытыкIэр гъэбелджылыныр;

– яджа тхыгъэхэм япкъ иткIэ тхакIуэм и зэфIэкIыр, и тхыгъэхэм я фIагъыр абы и зэхэщIыкIым, и гупсысэкIэм, и щIэныгъэм епхауэ зэрыщытыр къагурыIуэныр;
– къызэджа тхыгъэм хуаIэ щытыкIэр, ар къазэрыщыхъуар сыт щыгъуи къаIуэтэныр;
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ, шэрыуэу къеджэныр;
– жьэрыIуатэу икIи тхыгъэкIэ къаIуэтэнум и план зэхэлъхьэныр;
– езыхэр мыину, я щытыкIэкIэ, къаIуатэ IуэхугъуэкIэ зэхуэмыдэу, жанр и лъэныкъуэкIэ зэмыщхьэу сочиненэ зэмылIэужьыгъуэхэр (жьэрыIуатэуи тхыгъэкIи) зэхэлъхьэныр;
– егъэджакIуэм и лекцэм. литературэ икIи публицистикэ тхыгъэхэм теухуа доклад е реферат гъэхьэзырыныр (щIэнығъэ лэжьыгъэ зытIущым япкъ иткIэ);
– литературнэ темэм теухуа доклад е реферат гъэхьэзырыныр (щIэныгъэ лэжьыгъэ зытIущым япкъ иткIэ);
– езыр-езыру къызэджа художественнэ тхыгъэм, зэплъа кинофильмым, теленэтыным, спектаклым, къинэмыщIхэми теухуа резензэ хутхыныр;
– зэрыгъуазэ литературэ замылIэужьыгъуэхэр – псалъалъэхэр, псалъэгъэнахуэхэр, библиографие лэжьыгъэхэр – къэгъэсэбэпыныр

**Предметыр зэраджам къэрикIуэну есэныгъэр (метапредметнэхэр):**

- еджэныгъэм тэмэму хущытын, и къэухьым зегъэужьыным иужь итын,
- щIэуэ зыгуэр къищIэну хуеин, иIэ щIэныгъэм хигъэхъуэн.
- щIэныгъэм и мыхьэнэр къыгурыIуэныр
- мурадыр зыхуигъэувыжыфын, ар гъэзэщIа зэрыхъуным хущIэкъун, езым план игъэувын икIи абы тету лэжьэн,
- езым и гупсысэкIэрэ и Iуэху еплъыкIэрэ иIэжу щытын.
- езыр-езыру щIэ гуэрхэр къызэрищIэным хущIэкъун,
- проблемнэ упщIэхэр игъэувын, абы и жэуапым лъыхъуэу гупсысэщIэхэм хуэкIуэн;
- цIыхум и акъылым, щIэныгъэм зиужьынымкIэ бзэм иIэ мыхьэнэр къыхигъэщыфу, ар къыгурыIуэу щытын;
- зэреджэнум и план зэхилъхьэн, абы тету и лэжьыгъэр иухуэфын;
- гъащIэм лъэпкъыбзэм щиIэ мыхьэнэшхуэр къыгурыIуэныр, абы и зыужьыкIэм - кIэлъыплъыфу щIэныгъэ зригъэгъуэтар гъащIэм къыщигъэсэбэпыфыныр;
- тэмэму псэлъэнымкIи тхэнымкIи еджакIуэм иIэ есэныгъэхэр зэрыригъэфIэкIуэным и ужь итын
- зыхэт гупым задригъэкIуныр,
- нэгъуэщIым едэIуэфу щытыныр,
- езым и Iуэху еплъыкIэ иIэжын
- и гупсысэр тэмэму къиIуэтэфыныр

**ЕджакIуэхэм къащIэну зыпэплъапхъэр**

- щыгъуазэ зызыхуащI тхыгъэхэм Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къыхагъэбелджылыкIыныр;
- зэджа тхыгъэхэм щекIуэкIхэр къыщыхъу зэманыр, къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэр къахутэныр; литературэм и теорием теухуауэ щыгъуазэ зызыхуащIа художественнэ Iэмалхэр ящIэныр, зэджа тхыгъэхэм ахэр къыхагъуэтэныр;
- егъэджакIуэм игъэув упщIэхэм япкъ иткIэ зэджа тхыгъэхэм хэт лIыхъужьхэм тэмэму тепсэлъыхьыныр.
- художественнэ тхыгъэхэм гъэхуауэ къеджэныр, зы дакъикъэм псалъищэ е щэрэ пщIырэ и псынщIагъыу;
- тхыгъэ зэджахэм щыщ пычыгъуэ щхьэхуэхэр жьэрыIуатэуи тхыгъэкIи къэIуэтэныр, абыхэм хэт лIыхъужьхэм тхыгъэуи жьэрыIуатэуи тепсэлъыхьыныр; тхыгъэ цIыкIу зырызхэм план хуэгъэувыныр, лIыхъужь щхьэхуэхэм теухуауэ жьэрыIуатэу рассказ зэхэлъхьэныр;
- классым щаджа е езыр-езыру щыгъуазэ зызыхуащIа тхыгъэхэм жьэрыIуатэу рецензэ етыныр, езы еджакIуэхэм я Iуэху еплъыкIэр щыгъэбелджылауэ;
- зэреджэ тхылъхэр, хрестоматиехэр, зэрыгъуазэ щIэныгъэ лэжьыгъэхэр тэмэму къэгъэсэбэпыныр.

**Егъэджыныр зэрызэхэлъымрэ абы къызэщIиубыдэмрэ:**

**Хэзыгъэгъуазэ 1**
Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ зауэ нэужь япэ илъэсхэмрэ
Хэку зауэшхуэм и зэманым ди литературэм игъэзэщ1а къалэныр, и1а мыхьэнэр. Ц1ыхухэм яшэча гугъуехьым, зэрахьа л1ыхъужьыгъэм, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъуныгъэм теухуа темэхэр адыгэ литературэм къызэрыхэщыр.
**Иджырей адыгэ литературэр 1950-1990гъэхэм 1**
Адыгэ художественнэ литературэм Хэкум, ц1ыхугъэм, гущабагъэм, хьэлэлыгъэм, зэныбжьэгъуныгъэм теухуа темэхэр къызэрыхэщыр. Иджырей ц1ыху пэрытымрэ лэжьыгъэ хьэлэлымрэ къыщыгъэлъэгъуа художественнэ тхыгъэхэр. Ди ц1ыхухэм яхэлъ л1ыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ ди литературэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Усыгъэм, прозэм, драматургием игъуэта зыужьыныгъэхэр.
**К1ыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр (8+2)**
К1ыщокъуэ Алим и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Усак1уэр адыгэ усыгъэм къыщыхыхьа зэманыр, абы къик1уа литературнэ гъуэгуанэр. К1ыщокъуэм и усэхэр ц1ыхубэм и этикэр, хьэл-щэнхэр, гъащ1эр, и гурыгъу-гурыщ1эхэр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ зэрыщытыр. Абы и усэхэм ди литературэм щаубыд увып1эр. Усэхэм я идейно-нравственнэ къарур.
К1ыщокъуэм и прозэм теухуа обзор. Абыхэм я гупсысэ нэхъыщхьэр.
«Лъапсэ» романыр зытепсэлъыхь 1уэхугъуэхэмрэ абыхэм къыщы1эта философскэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм сюжет къудамит1 зэри1эмрэ лъэпкъ тхыдэм и лъэхъэнит1ыр зэрызэпищ1эмрэ. Лъэпкъыр лъэпкъыу къызэтезыгъанэ нэщэнэу авторым къилъытэр, «лъапсэ» псалъэм мыхьэнэу тхак1уэм хилъхьэр. авторым къигъэсэбэр художественнэ 1эмалхэр.
Литературэм и теорие. Риторичекэ упщ1эр, риторическэ зыхуэгъэзэныгъэ. Авторым и бзэмрэ персонажхэм я бзэмрэ.
**Шортэн Аскэрбий. Т1. (6+2)**
Шортэн А. и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.
Шортэным и пьесэхэр зытепсэлъыхь 1уэхугъуэхэмрэ абыхэм къыща1эта гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ.
Адыгэ драмматургием зиужьынымк1э Шортэным игъэзэщ1а лэжьыгъэхэр. «Мурат» пьесэр зытеухуар, абы къи1уатэ гупсысэр.
«Бгырысхэр» роман-тетралогиер. Ар лъэныкъуэ куэд къызэщ1эзыубыдэ жылагъуэ-тхыдэ 1уэхугъуэхэм теухуауэ зэрыщытыр. Литературэм и теорие: роман-эпопеек1э зэджэр.
**Щоджэнц1ык1у 1эдэм . (5)**
Щоджэнц1ык1у 1.и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. Абы и усэхэр.Усэхэм ящ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэхэр.
Щоджэнц1ык1у 1.и повестхэм теухуа обзор к1эщ1.
**«Уи ц1эр ф1эсщынщ»** повестыр. Мы тхыгъэм и сюжетымрэ абы и1э идейно-тематическэ ухуэк1эмрэ. 60-70- гъэхэм адыгэ литературэм мы сюжетыр щ1эуэ къызэрыхыхьар. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо ц1ыхур хэмыхуами, ц1ыхум и пщ1эр ф1эмык1уэду къызэрынэн хуейр повестым къызэрыщыгъэлъэгъуар. Повестым и художественнэ гъэпсык1эр, бзэр Литературэм и теорие: литературнэ портрет
**Къардэн Бубэ М. (3)**
Къардэн Б.и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. И повестхэмрэ и рассказхэмрэ.
«Сэлэтым и гъуэгуанэ» повестыр зытеухуамрэ абы къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Повестым и ухуэк1эмрэ ар зэрытха бзэм и1э щытык1эмрэ.
**К1уащ Бет1ал И. (4)**
Усак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. К1уащым и усэхэм Хэкум, лъэпкъым хуи1э лъагъуныгъэр къызэрыхэщыжыр, япкърылъ макъамэ нэхъыщхьэхэр.
Усак1уэм и поэмэхэр зытеухуамрэ, абыхэм я идейно-художественнэ ухуэк1эмрэ.
**«Нэху»** поэмэр. Абы и ухуэк1эмрэ къи1уатэ 1уэхугъуэ нэхъыщхьэмрэ. Ар зэрытха бзэм и1э щытык1э нэхъыщхьэр.

**Нало Ахьмэдхъан Хь.** (7)
Нало А. и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор.
Налом и повестхэмрэ и рассказхэмрэ.
«Псыхьэ нанэ» рассказым къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэр, къыпкърык1 гъэсэныгъэ лъэщыр.
**«Нэхущ шу»** романыр. Ар 1904-1905 гъэхэм ек1уэк1а урыс-япон зауэм теухуауэ зэрыщытыр. К1эрэф Залымджэрий и образыр. Лъэпкъ зэныбжьэгъуныгъэр романым къызэрыщэгъэлъэгъуар.
Романым и идейно-художественнэ ухуэк1эр, ар зэрытха бзэм и1э щытык1эр
**К1эрэф Мухьэмэд Ж. (3+2)**
Тхак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. К1эрэфым и прозаическэ тхыгъэхэм теухуа обзор к1эщ1. И повестхэр зытеухуамрэ абыхэм къа1уатэ гупсысэхэмрэ. «Адэ щ1эин хъурэ?» повестыр зытеухуар, абы хэт персонажхэм я 1уэхущ1афэхэр къызэрыгъэлъэгъуар. К1эрэф М.и прозаическэ тхыгъэхэм адыгэ литературэм щаубыд увып1эр.
**Къашыргъэ Хьэпащ1э Хь. (4)**
Къашыргъэ Хьэпащ1э и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. Тхак1уэм и прозаическэ тхыгъэхэр зытеухуа 1уэхугъуэхэмрэ абыхэм къа1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ. Абыхэм гъащ1эм хуа1э пыщ1эныгъэр, а 1уэхугъуэм тхак1уэр зэреплъ щ1ык1эр, абы хуи1э щытык1эр тхыгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа зэрыхъуар. «Насыпым и хэк1ып1э» романым зауэ нэужь 1эужьыр зэрагъэгъуэщыжыр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Литературэм и теорие: литературнэ л1ыхъужьхэр гуп-гупу зэрагуэшыр.
**Хьэнфэн Алим М. (2)**
И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. Адыгэ сабий литературэм зиужьынымк1эХьэнфэным хэлъхьэныгъэщ1э ищ1ауэ зэрыщытар. Хьэнфэным и сабий усэхэм я обзор етын.
**Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр Хь. (3)**
И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. И повестхэмрэ и рассказхэмрэ.
«Гур зыщ1эхъуэпсыр» романыр зытепсэлъыхьыр, къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэр. Авторыр зыгъэгуф1э, зыгъэп1ейтей 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къызэрыгъэлъэгъуа щ1ык1эр. Тхыгъэм и ухуэк1эмрэ сюжетымрэ. Романым и бзэр, ар шэрыуэ зыщ1 1эмалхэр.
Литературэм и теорие: литературэ щ1эныгъэрэ литературэ критикэмрэ.
**Балъкъэр Фоусэт (2)**
И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. Балъкъэр Фоусэт и лирикэр. Абы и усэхэм щ1элъ гупсысэмрэ къэ1уэта зэрыхъуамрэ. Усэхэм я бзэр, къа1уатэ 1уэхугъуэхэм я гурыхьагъымрэ. Литературэм и теорие: антитезэ, эпиграф.
**Кхъуэхъу Цуцэ (3)**
И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. «**К1асэу щ1егъуэжащ**»,**«Уасэ»** рассказхэр зытеухуар, абыхэм хэт персонажхэр гукъинэж пщызыщ1ыр. Авторыр зыгъэгуф1э, зыгъэп1ейтей 1уэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къызэрыгъэлъэгъуа щ1ык1эр.
**Тыуаршы Аслъэн (3)**
И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ теухуа обзор. Аслъэн и прозэр.
«Нобэ е зэик1» романыр зытеухуамрэ абы къи1уатэ гупсысэ нэхъыщхьэмрэ. Тхыгъэм хэт л1ыхужьхэм я гъащ1эмрэ я 1уэхущ1афэхэмрэ, я хьэл-щэнымрэ я гурыгъу-гурыщ1эхэмрэ, я ц1ыхугъэмрэ я хабзэ- нэмысымрэ къэгъэлъэгъуа зэрыхъуар. Тхыгъэр зэрытха бзэр, къигъэсэбэп художественнэ 1эмалхэр.

## 11КЛАСС

Хэзыгъэгъуазэ 1 сыхь.
Нало З.М. (3)
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Нало З.М. и лирикэм щIэлъ философие лъабжьэр. "ЩIымахуэ", "Анэ", "Ягуэшкъым тхыдэр дэлэн IупщIэу", "Гугъэ", "ЦIыхумрэ Тхьэмрэ", "Илъэхъауэ мэзыжь щхьэкIэм" усэхэм усакIуэм къыщиIуатэ гупсысэхэмрэ езым и дуней лъагъукIэ щхьэхуэмрэ. Нало З.М. къигъэщI образхэм я щIэщыгъуагъыр, усэ сатырхэм къахэIукI гурыщIэ макъамэхэр. Гугъэмрэ хъуэпсапIэмрэ, фIэщхъуныгъэмрэ пIейтеиныгъэмрэ усакIуэм и лирикэм щаубыд увыпIэр.

Нало З.М. лъэпкъ усэ гъэпсыкIэм щIэуэ хилъхьахэр. УсакIуэм и бзэмрэ цIыхубэ усыгъэмрэ. Адыгэбзэм хэкIуэдыкIыжа псалъэхэу усэбзэм къыхишэжахэмрэ езы усакIуэм къигъэщIыжа жыIэкIэ щхьэхуэхэмрэ.
Нало З.М. и прозэ тхыгъэхэм цIыхум и пщIэр къэIэтыныр, лъахэмрэ лъэпкъымрэ яхуиIэ лъагъуныгъэр къызэрыхэщыр. Лъэпкъ IэпщIэлъапщIагъэм теухуа новеллэхэр. Зи Iэзагъыр IэщIагъэ къызэрыгуэкIым икIыу гъуазджэм нэса цIыхухэм я образхэр (п.п., ХьэкIашэ, Мусэ, Хьэбалэ, БлутIэ, н.) "Къру закъуэ", "Мусэрэ Мусэ и дыдымрэ", нэгъуэщI новеллэхэми къызэрыщыгъэлъэгъуар.
ТхакIуэм и рассказхэм я гъэпсыкIэм щыщу гу зылъытапхъэхэр, IуэрыIуатэм и Iэмалхэр къызэрыщыгъэсэбэпар. Адыгэ художественнэ литературэбзэм зиужьынымкIэ Нало З.М. и прозэм и мыхьэнэр.Л и т е р а т у р э м  и  т е о р и е. Прозэм и жанр цIыкIухэм (рассказ, новеллэ, очерк) теухуауэ еджакIуэхэм зрагъэщIахэм хэгъэхъуэн.
**Къармокъуэ М.М. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
"Къоджэм уигъэжейркъым" хыхьэ тхыгъэхэм лъэпкъым и тхыдэ гъуэгуанэр къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Адыгэм и блэкIамрэ и нобэмрэ тхакIуэм зэрызэпищIэр, тхыдэ къэхъукъащIэхэм езыр зэрабгъэдыхьэр, абыхэм къахэхыпхъэ дерсхэр къызэриIуатэ художественнэ Iэмалхэр.
Тхыгъэм и ухуэкIэм хэлъ къыщхьэщыкIыныгъэ нэхъыщхьэхэр. Лъэпкъ тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ зи цIэр къыхэна лIыхъужьхэм, цIыху къызэрыгуэкIхэм я образхэм "ХьэтIохъущыкъуей хъыбархэм" щагъуэт зыужьыныгъэр. Езы тхакIуэм и образыр, и хъэтIыр, хъыбархэм я къэIуэтэжыкIэ щхьэхуэр.Л и т е р а т у р э м  и т е о р и е. Персонажым и бзэм тхакIуэм ирит къыщхьэщыкIыныгъэхэм (диалог, монолог, и щхьэм хужыIэжыныгъэ) теухуауэ гъэ еджэгъуэ блэкIахэм къащIахэм хэгъэхъуэн.
**Тхьэгъэзит З.М. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.ТхакIуэ нэхъыжьхэм лъэпкъ литературэм щызэрагъэпэща хабзэ нэхъыфIхэм усакIуэр зэрыхуэпэжыр. "Гъатхэ губгъуэм", "УсакIуэм и мурад нэхъыщхьэр", "Щыст", "Лъахэ уэрэд", "КъызжаIэр хъуркъым сэ си фIэщ", "Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ", "Дыщэбжьэхэр", "Адыгэ къафэ", "Лъыхъуэ уи насыпым", "Гъэрэ щIырэ" усэхэм (нэгъуэщIхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усакIуэм къыщиIэт темэхэмрэ гупсысэхэмрэ. Образхэм я системэр, цIыхугъэ лъагэм ухуриджэу абыхэм яхэлъ пафосыр.
Тхьэгъэзит З.М. и лирикэ лIыхъужьым и хьэл-щэныр: усакIуэмрэ поэзиемрэ я зэхущытыкIэр, абы и гъащIэр, и дуней еплъыкIэр. Адыгэ лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъыщхьэу авторым къилъытэр, дунейпсо цIыхубэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ар зэрабгъэдыхьэр. Поэзием игъащIэ лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ, игъэлъапIэ темэ хэхахэм (п.п., щIыуэпсым, лъагъуныгъэм, гъащIэм, уахътыншагъэм, н.) усакIуэм къахуигъуэт бгъэдыхьэкIэщIэхэр, къигъэщI образыщIэхэр,  жыIэкIэщIэхэр.
УсакIуэм и бзэр, и усэ гъэпсыкIэм хэлъ щIэщыгъуагъыр.
**МафIэдз С.Хь. (4)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
МафIэдз С.Хь. и тхыдэ романхэр. XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэмрэ Урысей къэралыгъуэмрэ яку дэлъа  зэпыщIэныгъэр "Мыщэ лъэбжьанэ" романым къызэрыщыгъэлъэгъуэжар. Романым и ухуэкIэр, сюжетым и зыужьыкIэр, къыхэхыпхъэ дерсхэр. Этнографием ехьэлIа щапхъэхэм (адыгэ жылагъуэм, унагъуэм  я псэукIэм, абы щызекIуэ хабзэ-нэмысым, адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ я зэхущытыкIэхэм) тхыгъэм щаубыд увыпIэр. Тхыгъэм и образ къызэгъэпэщыкIэр, зи цIэр тхыдэм къыхэщыж цIыхухэм я хьэл-щэныр, я шыфэлIыфэр зэфIэгъэувэжыныр тхакIуэм къызэрехъулIар.
Адыгэхэм я псэукIэ-зэхэтыкIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр, абыхэм къагъэщI Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэр, езы тхакIуэр апхуэдэхэм зэрахущытыр.
МафIэдз С.Хь. и бзэр, щIэныгъэ хъэтIыр абы къыхэщу зэрыщытыр.Л и т е р а т у р э м  и  т е о р и е. Тхыдэ романым теухуауэ еджакIуэхэм къащIахэр къэпщытэжын.
**Къагъырмэс Б.Хь. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

ТемэмкIэ, усыгъэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Къагъырмэс Б.Хь. лъэпкъ поэзием щIэуэ хилъхьахэр, нэхъ зыхуэшэрыуэ жанрхэр. "Си Къэбэрдей", "Си лъэужь" усэхэм къыщыIуэтэжа гухэлъу хэкум, лъэпкъым, цIыхубэм яхуэгъэзахэр (мы темэмкIэ егъэджакIуэм нэгъуэщI усэхэр къыхихыну хуитщ).
"Хьэшыр Чылар", "Къурш ажэм и лIэкIэ", "ЩымыIэж мэз" усэ-балладэхэр (нэгъуэщIхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ). Балладэ жанрым адыгэ литературэм зыщиузэщIынымкIэ Къагъырмэсым ищIа хэлъхьэныгъэр; абы и балладэхэм я гъэпсыкIэр, идеемрэ темэмрэ гъэнэхуа хъун щхьэкIэ, усакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэр. Гуращэ дахэм хуэпэжыныр, нэгъуэщIым псэемыблэжу хущытыныр, псэ зыпыт дэтхэнэми пщIэ зэрыхуэфащэр, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дэтхэнэ къэхъугъэри цIыху гъащIэм быдэу зэрыпыщIар - ахэр гъащIэм и пкъыгъуэ дахэу зэрыщытыр усыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуар.
Къагъырмэс Б.Хь. и прозэр. "Пэжыныгъэм и къарур" (егъэджакIуэр хуитщ нэгъуэщI тхыгъэ къыхихыну) новеллэм хэт персонажхэр; лIым и пэжыныгъэмрэ и щхьэгъусэр зыIууа гъэунэхупIэмрэ. ЦIыхугъэ нэсымрэ цIыхугъэншагъэмрэ новеллэм зэрыщызэпэлъытар; зи зэхэщIыкIыр хуримыкъуа дэтхэнэми и гъащIэр лIэныгъэм нэхърэ зэрынэхъыкIэжыр.
**Къэжэр П.Хь. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ, "Нур" журналыр зэпэщынымыкIэ зэфIигъэкIахэр.
Къэжэр П.Хь. и усэхэу нэхъапэкIэ яджахэр. "Жьэгу мафIэ", "Гулъытэ", "Си щIыналъэм и
Къэжэр П.Хь. и усэхэу нэхъапэкIэ яджахэр. "Жьэгу мафIэ", "Гулъытэ", "Си щIыналъэм и
псэм щыщ сэ схэлъщ…", "Мэзым", "Гугъэм", "Анэгу" (мыбыхэм я пIэкIэ егъэджакIуэм нэгъуэщI къыхихыну хуитщ) усэхэр Къэжэрым и усэхэм къахухих темэхэмрэ и усэ гъэпсыкIэм, бзэм къахэщыж хьэлэмэтагъымрэ; усэбзэм и Iэмалхэу нэхъыбэрэ къигъэсэбэпхэр. Макъхэр дахэу зэщIигъэжьыуэу, псалъэхэм ириджэгу хуэдэурэ, абыкIэ усакIуэм тхылъеджэр къызэрыдихьэхыфыр
**Елгъэр К.М. (2)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Зауэм псэкIэ ныкъуэдыкъуэ ищIа, гъащIэм и джэлэсыр зыфIэкIуэда цIыхум и дунейр "Щыуагъэ" романым темэ нэхъыщхьэ зэрыхуэхъуар. И напэр хеящIэу, и гъащIэ псокIэ ипшыныжыну тезыр зытезылъхьэжа цIыхум (МыващIэ Хьэжбатыр) и образыр лъэпкъ литературэм япэу тхакIуэм къызэрыхишар.
ТхакIуэм и романым щишэщI гупсысэм, психологизмым, художественнэ дерсым я кууагъыр. Тхыгъэм и гъэпсыкIэр (Хьэжбатыр и гъащIэм и къекIуэкIыкIар зэрыт тетрадыр), и сюжетымрэ тхыдэ къэхъугъэхэмрэ.Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. ТхакIуэм и Iуэху еплъыкIэр, тхыгъэм хэлъ психологизмэр.
**Журт Б.Къу. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
ТхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр, литературэм и пкъыгъуэхэу ар нэхъ зыхуэлэжьар - прозэ, публицистикэ, драматургие. Рассказхэр (ипэкIэ зэджауэ щытахэр) я тематикэрэ унэтIыныгъэкIэ зэрыгуэшар (гушыIэ рассказхэр, мелодрамэм и теплъэ зиIэхэр, фантастикэм ижь зыщIихуахэр). Лирикэ повесть лIэужьыгъуэм хэлъхьэныгъэу хуищIар ("Гъатхэ пасэ", "Ажэкъуэ"). "Мэрэмэжьей" (мыбы и пIэкIэ нэгъуэщI егъэджакIуэм къыхихыну хуитщ) рассказыр зытеухуа Iуэхугъуэр; зи бынхэр зауэм хэкIуэда фызыжь Къундуз и образыр цIыхугъэ нэс, пэжыныгъэ, бэшэчагъышхуэ зыхэлъу тхакIуэм къызэригъэлъэгъуар, ар Анэ Хэкум и образым хуэзыгъакIуэ щхьэусыгъуэхэр. Гъунэгъухэмрэ благъэхэмрэ рассказым зэхуэмыдэу - хэт зэхэщIыкIышхуэ зиIэу, хэти я щхьэ Iуэхум нэмыщIа зыри я тхьэкIумэ къимыхьэу - къызэрыщыгъэлъэгъуар; цIыхугъэ нэсым и пщIэр бгъэкIуэд зэрымыхъунур рассказым хьэкъыу къызэрыдгуригъаIуэр.
"Си сабиигъуэм и бжьэпэ" повестыр зытеухуамрэ абы и лIыхъужь нэхъыщхьэм и образымрэ. Сабий зеиншэу къэна Хьэмид хьэблэм дэсхэм ядилъагъу зэхэщIыкI дахэр, гу хуабагъыр, нэмысыр. ЩIалэ цIыкIур лIыфI хъунымкIэ езым и ерыщагъымрэ зыхуэзэхэм я нэхъыбэм ядилъагъу зэхэщIыкIымрэ зэхуэдэу зэрелъытар. КъэIуэтэныгъэр лирикэ щIэлъу, гум къытехьэлъэ гуэри хэмылъу зэрыгъэпсар. Повестым хэт лIыхъужь образхэр зэмыщхьу, абы щыгъуэми цIыхугъэ дахэу яхэлъымкIэ нэхъыбэр зыуэ зэшэлIа хъууэ къызэрыгъэлъэгъуар

(гъунэгъу лIыжь Елбахъсит, Нанэ, Хьэжсуф, журналист Зулкъэрней, егъэджакIуэхэм, Хьэмид и ныбжьэгъу еджакIуэхэм я образхэмкIэ блэкIа зэманым щыщ зы Iыхьэ тхакIуэм зэрыдигъэлъагъужыр). Повестыр дахэ хъунымкIэ, авторым и гуращэхэр къэгъэнэхуэнымкIэ пейзажым мыхьэнэуэ иIэр.

**Хьэх С.Хь. (3)**

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

"Си хъуреягъкIэ" циклым хыхьэ тхыгъэ кIэщIхэр (ауан, гушыIэ рассказхэр) езы тхакIуэм и набдзэгубдзаплъагъым къигъэщIа гъащIэ теплъэгъуэхэу зэрыщытыр. ТхакIуэм и тхыгъэхэм зэманым и нэпкъыжьэ зэрателъыр, психологизм куукIэ ахэр зэрыгъэнщIар.

ТхакIуэм и хъэтIыр, и бзэр: купщIэр куурэ псалъэхэр мащIэу псалъэухахэр зэрыухуар.

**IутIыж Б.Къу. (4)**

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

IутIыж Б.Къу. и усэхэм гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэу яхэлъыр: анэдэлъхубзэр зэригъэбзэрабзэр; гухэлъ къабзэ, къэIуэтэкIэ Iэмал гъэщIэгъуэнхэр къызэригъэсэбэпым къыхэкIыу, и усыгъэхэр щIэщыгъуэ икIи зэхэщIыкIыгъуафIэу зэрыщытыр. Лъэпкъым и гъащIэмрэ хэкур фIыуэ лъагъунымрэ "Тхыдэ…" усэм къызэрыщыIуэта щIыкIэр. "Вагъуэбэ жэщыр псысэ дахэу…", "Къыхохуэ гъащIэм махуэ пхуэмыхьыж…" (мы темэм теухуа нэгъуэщI усэхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэхэр щIалэгъуэм къыдэщIыгъу романтикэмрэ гукъабзагъэмрэкIэ зэщIэузэдауэ, абыхэм яхуэфащэж образ дахэхэр щIэлъыжу зэрыщытыр. IутIыжым и сонетхэр: гущIагъщIэлъ дахэмрэ гупсысэ куумрэ зы усэм щызэшэлIэжауэ къызэрыкIуэр. "Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ…", "Хьэдрыхэ напэлъагъу щыIэжкъым" сонетхэм я темэр, зэхэлъыкIэр, образ псалъэу къыщыгъэсэбэпахэр.

IутIыж Б.Къу. и драматургиер. "Тыргъэтауэ" пьесэр зытеухуа къэхъугъэхэр, ар адыгэ лъэпкъым и тхыдэм зэрыпыщIамрэ ди зэманым дызыIууэ Iуэхугъуэхэм зэрапэджэжымрэ. Персонаж нэхъыщхьэхэу пьесэм хэтхэр: Тыргъэтауэ, Джэгъэтей, Щатир, Джатэгъазэ, Адисэ сымэ я образхэр; абыхэм ящыщ дэтхэнэми зы къалэн хэха пьесэм зэрыщигъэзащIэр. УсакIуэм и бзэм и дахагъыр пьесэм къызэрыщынахуэр: образ гъэщIэгъуэну зэхэлъ псалъэхэр (метафорэхэр, эпитетхэр, щIагъыбзэхэр, гиперболэхэр, н.къ.), философие куу, гухэлъ къабзэ, щхьэхуещагъэрэ бзаджагъэрэ зыхэлъ персонажхэр бзэм и IэмалкIэрэ авторым къызэригъэлъэгъуар. "Тыргъэтауэ" пьесэм лъэпкъ драматургием зыужьынымкIэ мыхьэнэуэ иIар

**Дыгъужь Къу.Б. (3)**

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Дыгъужь Къу.Б. и "ЛъэIу", "Адэжь щIыналъэм", "Лабэ пхъэхуейхэр", "КIэлъеIэу тхыдэм", "Пщэдджыжь дыгъэ" усэхэм (нэгъуэщIхэри хэбгъэхьэ хъунущ) хэкур, лъэпкъыр, цIыху лэжьакIуэр гъэлъэпIэныр зэрыщытепщэр, усакIуэм абыхэм яхуиIэ лъагъуныгъэр усэбзэ дахэкIэ къызэриIуатэр. "ЛъэIу" усэр гукъинэж зыщIыр, абы и гупсысэ нэхъыщхьэр. УсакIуэм къигъэщI образхэр, зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр (п.п., лирическэ лIыхъужьыр дунейм щехыжкIэ, хуейщ "къуажэм и нэхулъэм щыщ тIэкIукIэ ягъэпскIыжыну", "пшэ Iэрамэм щыщ джэбын хуащIыну", "Псыжь и уэрхэм зэ щIагъэдэIужыну", н.). "Адэжь щIыналъэ", "Лабэ пхъэхуейхэр", "КIэлъеIэу тхыдэм" усэхэм хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр зэрызыхыуигъащIэ Iэмалу усакIуэм къигъэсэбэпхэр. Адыгэ нэмысым и нэщэнэ хъуа Лабэ щхьэщыт пхъэхуейхэр ди нэгу къызэрыщIигъэхьэ егъэпщэныгъэ дахэхэр. Апхуэдэ художественнэ Iэмалхэр убгъуауэ къыщыгъэсэбэпа "Пщэдджыжь дыгъэ" усэр. Дыгъэр дамыгъэ пэлъытэ ищIу усакIуэм къиIуатэ гупсысэхэр.

Дыгъужь Къу.Б. и бзэм и къулеягъыр, щIэщыгъуагъыр (щапхъэу къэпхь хъунущ "Кавказ", "Пшэ гуэрэн", н. усэхэри).

**Бещтокъуэ Хь.Къ. (4)**

И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.

Нобэрей лъэпкъ поэзием Бещтокъуэм щиIыгъ увыпIэр, а увыпIэр зэрылъагэм щыхьэт техъуэ усыгъэхэу гъэ еджэгъуэ блэкIахэм яджахэр. Лирикэ усэхэм я тематикэр, абыкIэ нэхъ гулъытэ зыхуэфащэ усэхэр. "Си лъахэм" циклым, "Къэбэрдей", "Уэ уи бзэр сэ си къэралыгъуэщ" усэхэм (егъэджакIуэм зэрыфIэфIу мы темэмкIэ нэгъуэщI усэхэр къыхихыну хуитщ) адыгэ

хэкум и образыр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Лъахэм зэрыхущытыр къиIуэтэн щхьэкIэ, усакIуэм къигъуэт псалъэ хьэлэмэтхэр, гупсысэу абыхэм ящIэлъыр, тхыдэм и лъапощхьэпохэр къызэрыщыIуэтэжар, авторым и Iуэху еплъыкIэу абы къыхэщыр, дэтхэнэ зы тхылъеджэри апхуэдэ усэм дихьэхынкIэ, кууу игъэгупсысэнкIэ зэрыхъур. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъымрэ зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэм дежкIи мыбыхэм яIэ мыхьэнэмрэ усэхэм къызэрыщыIуэтар, абыхэм ягъэзащIэ къалэныр.
Анэм пщIэуэ хуэщIыпхъэмрэ абы ехьэлIа гущабагъымрэ "Мамэ" усэм къызэрыхэщыр. "Си дахэкIей", "Изолъхьэ сигу сынэмыкIуэну…", "Епэрхэр" (нэгъуэщI усэхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ) усэхэр щIалэгъуэ тематикэм зэрытеухуар. Гухэлъ къабзэм и лъапIэныгъэр, абы сыт щыгъуи цIыхугъэшхуэмрэ зэхэщIыкIымрэ зэрагъусэр, гурыщIэ куур зэрыдахэр икIи зэрымыужьыхыр къыщыIуэтэжа усэу ахэр зэрыщытыр.
Бещтокъуэм и лирэ-эпикэр. "Мывэ лъэхъэнэ" усыгъэ кIыхьыр зытеухуа къэхъугъэр, ар ди зэманым дызыIууэ гугъуехьхэм зэрапэджэжыр. Романым хэт лIыхъужь нэхъыщхьэр: Ану гъащIэм зрихулIэ мыгъуагъэхэмрэ ар цIыхуу къызэтенэн щхьэкIэ, и пщэм къыдэхуэхэмрэ. Романым хэлъ философие Iуэху еплъыкIэр, цIыхугъэншагъэмрэ цIыхугъэмрэ щызэпэуvauэ къызэрыгъэлъэгъуар. Тхыгъэм и бзэм и шэрыуагъыр; пейзажхэм ягъэзащIэ къалэныр; псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм я образхэр къызэрыгъэлъэгъуа щIыкIэр.
**Дэбагъуэ М.Къ. (2)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
"Анэр нэм хуэдэщ" пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр абы и фIэщыгъэцIэм къызэриIуатэр. Къалэдэсхэмрэ къуажэдэсхэмрэ я гъащIэр лъэныкъуэ куэдкIэ зэрызэпыщIар, зыр адрейм хуэныкъуэу зэрыпсэур. Иджырей ныбжьыщIэхэр - унагъуэ зыщIыгъащIэхэр - зыIууэ гугъуехьхэр. Драмэм хэт цIыхубз персонажхэр: Сэчинат, Хужьэ, Зое сымэ.
Пьесэм къыхэхыпхъэ дерсхэр; хэлъ щIэщыгъуагъхэр, диалогымрэ монологымрэ я къэгъэсэбэпыкIар.
**Бицу А.М. (2)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
"ЩIичащ фоч кIакхъур", "КIуэцIрыкIыбжэ" усэхэм (нэгъуэщIхэмкIи зэпхъуэкI хъунущ) цIыхугъэр, пэжыгъэр, лъагъуныгъэр мотив нэхъыщхьэу къазэрыхэIукIыр. Ахэр лирикэ нэсым и щапхъэ зэрыхъур. Бицу А.М. и усэхэр зэманым зэрыпэджэжыр, абыхэм яIэ ущииныгъэ, гъэсэныгъэ мыхьэнэр.
УсакIуэм и усэ сатырхэр адыгэ усэ гъэпсыкIэм зэризагъэр, абыхэм я зэщIэжьууагъыр. Лирикым и псалъэхэр щIэлъу лъэпкъ композиторхэм уэрэд куэд зэратхам ар и щхьэусыгъуэу зэрыщытыр (апхуэдэ зыбжанэ еджакIуэхэм егъэцIыхун).Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Усэм щIэт макъамэр езыгъэфIакIуэ Iэмалхэр (аллитерацэ, аблаут, ассонанс, диссонанс).
**Бемырзэ М.Хь. (3)**
И гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Бемырзэ М.Хь. и "Адыгэбзэ", "Къуршыбгъэхэр щохуарзэ уэгум", "Анэм и псалъэ", "Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым", "Адыгэ пщащэ нэсым", "Къагъэуш адакъэхэм пщэдджыжьыр", "Къру макъ", "Псыхэгъэ" (нэгъуэщIхэри ядыщIыбгъу хъунущ) усэхэм, зэрыщыту и усыгъэхэм литературэ критикэм хужиIахэр.
"Адыгэбзэ" усэм бзэр зыфIэкIуэдым хэщIыныгъэу игъуэтыр, и дунейр "ныбгъуэхьэш" зэрыхъур, адыгэбзэр зыщIэм дежкIэ "гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэжу" ар зэрыщытыр къызэрыщыгъэлъэгъуар. Бзэм и зэфIэкIымрэ и къарумрэ усакIуэм зэриIэт зэгъэпщэныгъэхэр.
"Анэм и псалъэ" усэм дунейм нэхъ лъапIэ дыдэу щиIэ цIыхум и образыр къызэригъэлъагъуэр, усакIуэм абы гурыщIэ куу хуиIэр къызэригъэнаIуэ щапхъэхэр. Быным щхьэкIэ анэм имыщIэн щыIэкъым, ауэ езы бынхэр къэзылъхуахэм зэрахущытыжын хуейм теухуауэ усэм узригъэгупсысхэр
Лъагъуныгъэ темэм теухуа усэхэм IуэрыIуатэр къызэрыщыгъэсэбэпар ("Адыгэ пщащэ нэсым"), цIыхухъум и пагагъыр лъагъуныгъэм фIигъэкIуэд зэрымыхъунур ("Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым"), фIыуэ илъагъу пщащэм щхьэкIэ щауэм ищIэфынур къызэрызэIуих Iэмалхэр. Хэхэс адыгэхэм я гъащIэ мытыншыр "Псыхэгъэ" усэм къызэрыщыгъэлъэгъуар. Пейзаж сурэт щIынымкIэ щапхъэ хъуа "Къагъэуш адакъэхэм

пщэдджыжьыр" усэ кIэщIым псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ уи нэгум къыщIигъэувэ теплъэгъуэхэр.
Бемырзэ М. и усэбзэм хьэлэмэтагъыу хэлъхэр, художественнэ Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэр.Л и т е р а т у р э м и т е о р и е. Усэ лIэужьыгъуэхэм (усэ хуит, усэ щхьэхуит) теухуауэ гъэ еджэгъуэ блэкIахэм еджакIуэхэм къащIахэм хэгъэхъуэн.

**Ацкъан Р.Хь. (2)**

И гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.
Ацкъан Руслан и дуней еплъык1э щхьэхуэр, абы и тхыгъэхэр зытеухуар. "Гъэр зи к1ыхьагъыр" усэ гупыр (циклыр). А усэ гупым дунейм и лъэхъэнэхэмрэ ц1ыхугъэм, дахагъэм, гуапагъэм ехьэл1а гупсысэхэмрэ къызэрыщызэдэк1уэр. Ц1ыхум и гурыгъу-гурыщ1эхэмрэ теплъэгъуэ, къэхъукъащ1э гъэщ1эгъуэнхэмрэ шызэхэжыхьа художественнэ дунейм и къэгъэлъэгъуэк1эр. Усак1уэм и гурылъхэр тхылъеджэм и гум нигъэсын щхьэк1э, усэбзэ 1эмалу къигъэсэбэпхэр.
Ацкъан Р.Хь. и новеллэхэмрэ и тэрмэш лэжьыгъэмрэ. МЮ. Лермонтовым и Кавказ поэмэхэу (М.Ю. Лермонтов. "Уи хамэу зэи сыщытакъым". Налшык, 1999) Ацкъаным адьгэбзэм къригъэт1эсахэр лъэпкъ зэдзэк1ыныгъэ лэжьыгъэм и нэхъыф1 дыдэхэм ззращыщыр,
Л итературэм и теорие Психологизмэр. Ц1ыхубэм еиныгъэр. Тхыдэр.
Предметхэм яку дэлъыпхъэ зэпыщ1э ныгъэхэ р, Урысей Федерацэм и Конституцэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ. Къэралым и ц1ыхум и къалэнхэмрэ и хуитыныгъэхэмрэ.

**Мыкъуэжь А.Хь. (2)**

И гъащ1эмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.
Мыкъуэжь Анатолэ социальнэ 1уэхугъуэхэм, зауэмрэ мамырыгъэмрэ, иджырей зэманым и нэщэнэхэм теухуа и усэхэр. Зэпыу имы1эу пэжым лъыхъуэ, захуагъэ хэлъу дунейр зэтес ищ1ыну усак1уэпсэ п1ейтеям къигъэщ1 философие лирикэр. "Хуейщ дыгъэр бзийк1э гуэшэну", "Дунеишхуэ, умы1эуэлъауэ", "Макъхэр", "И1эжщ усак1уэм и дуней", "Ди кхъухьыр", "Сабий быдзафэу емызэгъыр" (нэгъуэщ1хэмк1и ззпхъуэк1 хъунущ) усэхэм ц1ыхур ф1ыуэ лъагъуным, и пщ1эр 1этыным ехьэл1ауэ хэлъ пафосыр, лиризм куур, лъэпкъ 1ущыгъэ-ушииныгъэр. Гурыщ1э нэхук1э зэщ1эблэ усэ сатырхэм къахэ1ук1 хъуэпсап1э лъагэхэр. Лей зытехьэ ц1ыхум, дэкъузам къыщхьэщыжыныр Мыкъуэжь А. и усэхэм лъабжьэ зэрахуэхъур. Ц1ыхум и гурыгъу-гурыщ1эхэр гупсысэ жанк1э гъэнш1а псалъэ купщ1аф1эхэмк1э усак1уэм къызэри1уатэр.
Мыкъуэжь А.Хь. и усэбзэр, псэ къарум зэщ1и1этэ и художественнэ дунейр.

**Хэхэс адыгэ тхак1уэхэм я тхыгъэхэр (3)**

## IV. Тематическэ план

| № | Разделхэр | Сыхьэт бж. | Абы щыщу: | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Къызэрап .лэжь. я бж. | Практич. лэжь. | Лабор. лэжь. |
| | **10 класс** | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | | | |
| 2 | Иджырей адыгэ литературэр 1950-1990гъэхэм | 1 | | | |
| 3 | К1ыщокъуэ Алим и тхыгъэхэр | 10 | | 2 | |
| 4 | Шортэн Аскэрбий. Т1. | 8 | | 2 | |
| 5 | Щоджэнц1ык1у 1эдэм | 5 | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 6 | Къардэн Бубэ М. | 3 | | | |
| 7 | К1уащ Бет1ал И. | 4 | | | |
| | Нало Ахьмэдхъан | 7 | | 2 | |
| 8 | К1эрэф Мухьэмэд Ж. | 5 | | 2 | |
| 9 | Къашыргъэ Хьэпащ1э Хь. | 4 | | | |
| 10 | Хьэнфэн Алим М. | 2 | | | |
| 11 | Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр Хь. | 3 | | | |
| 12 | Балъкъэр Фоусэт | 2 | | | |
| 13 | Кхъуэхъу Цуцэ | 3 | | | |
| 14 | Тыуаршы Аслъэн | 3 | | | |
| | Литературээм и теорие | 1 | | | |
| 15 | Гъэ псом яджар къэпщытэжын. | 3 | | | |
| 16 | Класщ1ыб къеджэныгъэ | 5 | | | |
| | **Псори** | **70** | | 8 | |

## IV. Тематическэ план

| **№** | **Разделхэр** | **Сыхьэт бж.** | **Абы щыщу:** | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | **Къызэрап лэжь. я бж.** | **Практич. лэжь.** | **Лабор. лэжь.** |
| | **11 класс** | | | | |
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | | | |
| 2 | Нало З.М. и лирикэр | 1 | | | |
| 3 | Къэрмокъуэ М.М. | 2 | | | |
| 4 | Тхьэгъэзит З.М. | 1 | | | |
| 5 | МафІэдз С.Хь. | 2 | | | |
| 6 | Къагъырмэс Б.Хь. | 4 | 2 | | |
| 7 | Къэжэр П.Хь. | 1 | | | |
| | Елгъэр К.М. | 1 | | | |
| 8 | Журт Б.Къу. | 2 | | | |
| 9 | Хьэх С.Хь. | 3 | | | |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 10 | IутIыж Б.Къу. | 3 | | | |
| 11 | Мэзыхьэ Б.Б. | 1 | | | |
| 12 | Дыгъужь Къу.Б. | 1 | | | |
| 13 | Бещтокъуэ Хь.Къ. | 1 | | | |
| 14 | Дэбагъуэ М.Къ. | 1 | | | |
| | Бицу А.М. | 1 | | | |
| 15 | Бемырзэ М.Хь. | 1 | | | |
| 16 | Ацкъан Р.Хь. | 1 | | | |
| | Мыкъуэжь А.Хь. | 1 | | | |
| | Хэхэс адыгэ тхак1уэхэм я тхыгъэхэр | 2 | | | |
| | Бзэм зегъэужьын | 4 | 2 | | |
| | Классщ1ыб къеджэныгъэ. | 1 | | | |
| | Псори | **34** | **4** | | |

**Календарно-тематическое планирование**

**Учебный предмет: родная литература (кабардино-черкесская)**
**Класс: 10 «а»**
**Учебник:** ***адыгэ литературэ***
**Недельная нагрузка-** 2ч.
**Годовая учебная нагрузка** - 70ч.

| **№** | **Яджыну темэхэр** | **Сыхьэт бжыгъэр** | **Щаджыну зэманыр** | **Щаджа зэманыр** |
|---|---|---|---|---|
| | **Хэзыгъэгъуазэ (2)** | | | |
| 1. | Адыгэ литературэр Хэку зауэшхуэм и зэманымрэ зауэ нэужь лъэхъэнэмрэ | 1 | | |
| 2. | Иджырей адыгэ литературэр 1950-1980 гъэхэм (обзор) | 1 | | |
| | **К1ыщокъуэ Алим (8)** | | | |
| 3. | **К1ыщокъуэ Алим** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 4. | Философскэ усэхэр. **Усэ гук1э** | 1 | | |
| 5. | Лъахэм, л1ыгъэм, адыгагъэм теухуа усэхэр | 1 | | |
| 6. | Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэр. **Усэ гук1э** | 1 | | |
| 7. | Лэжьыгъэм теухуа усэхэр. Риторическэ упщ1э, риторическэ зыхуэгъэзэныгъэ | 1 | | |
| 8. | Нобэрей адыгэ усэм папщ1э | 1 | | |
| 9. | **Классым щ1эмысу зэджамк1э урок. К1ыщокъуэ Алим «Нал къута» романыр** | 1 | | |
| 10. | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 11. | **Б.З.Л. Сочиненэ «Со1этыр усэр сэ 1эщэу»** | 1 | | |
| 12. | «Лъапсэ» романым и темэр, идеер | 1 | | |
| 13. | Дэфэрэдж сымэ я образхэр | 1 | | |
| 14. | Романым хэт адрей образхэр Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| | **Шортэн Аскэрбий (6)** | | | |
| 15. | **Шортэн Аскэрбий** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 16. | «Мурат» пьесэм и темэр, идеер | 1 | | |
| 17. | Пьесэм хэт образ нэхъыщхьэхэр Пьесэм и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| 18. | «Бгырысхэр» романым и темэр, идеер | 1 | | |
| 19. | Шорэ и образыр<br>Степан Ильич и образыр | 1 | 1 | |
| 20. | Пщыл1хэм я образхэр Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| 21. | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 22. | **Б.З.Л. Сочиненэ «Шорэ и образыр»** | 1 | | |
| 23. | **Классым щ1эмысу зэджамк1э урок** | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | **К1уащ Бет1ал (4)** | | | |
| 24. | К1уащ Бет1ал и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 25. | К1уащым и лирикэр **Усэ гук1э** | 1 | | |
| 26. | «Нэху» поэмэм и темэр идеер | 1 | | |
| 27. | Поэмэм и художествен. гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| | **Нало Ахьмэдхъан (5)** | | | |
| 28. | **Нало Ахьмэдхъан** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 29. | «Псыхьэ нанэ» рассказыр | 1 | | |
| 30. | «Нэхущ шу» романым и темэмрэ идеемрэ | 1 | | |
| 31. | К1эрэф Залымджэрий и образыр | 1 | | |
| 32. | Романым и художественнэ гъэпсык1эмрэ зэрытха бзэмрэ | 1 | | |
| 33. | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 34. | **Сочиненэ «К1эрэф Залымджэрий и образыр** | 1 | | |
| | **Хьэнфэн Алим (2)** | | | |
| 35. | Хьэнфэн Алим и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 36. | Хьэнфэным и лирикэр. **Усэ гук1э** | 1 | | |
| | **Къардэн Бубэ (3)** | | | |
| 37. | **Къардэн Бубэ** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 38. | «Сэлэтым и гъуэгуанэ» повестым и темэмрэ идеемрэ | 1 | | |
| 39. | Повестым хэт л1ыхъужь нэхъыщхьэхэр | 1 | | |
| | **Къашыргъэ Хьэпащ1э (4)** | | | |
| 40. | **Къашыргъэ Хьэпащ1э** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 41. | «Насыпым и хэк1ып1э» романым и темэмрэ идеемрэ | 1 | | |
| 42. | Мурат, Батий, Зинэ, Лолэ сымэ я образхэр | 1 | | |
| 43. | Отрицательнэ персонажхэр Романым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| 44. | **Классым щ1эмысу зэджамк1э урок** | 1 | | |
| | **Щоджэнц1ык1у 1эдэм (5)** | | | |
| 45. | **Щоджэнц1ык1у 1эдэм** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 46. | Щоджэнц1ык1ум и лирикэр. **Усэ гук1э** | 1 | | |
| 47. | «Уи ц1эр ф1эсщынщ» повестым и темэр, идеер | 1 | | |
| 48. | Повестым хэт образхэр | 1 | | |
| 49. | Повестым и художественнэ гъэпсык1эр, зэрытха бзэр | 1 | | |
| | **К1эрэф Мухьэмэд (3)** | | | |
| 50. | **К1эрэф Мухьэмэд** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 51. | «Адэ щ1эин мылъку хъурэ?» повестым и темэр, идеер | 1 | | |
| 52. | Повестым хэт образхэр Повестым и | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | художественнэ гъэпсык1эмрэ зэрытха бзэмрэ | | | |
| 53. | **Сочиненэ тхыным хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 54. | **Б.З.Л. Сочиненэ «Гъащ1эр зи тыгъэ ди адэ-анэ…»** | 1 | | |
| 55. | **Классым щ1эмысу зэджамк1э урок** | 1 | | |
| | **Тыуаршы Аслъэн (3)** | | | |
| 56. | **Тыуаршы Аслъэн** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 57. | «Нобэ е зэик1» романым и темэр, идеер | 1 | | |
| 58. | Романым хэт образхэр Романыр зэрытха бзэр. | 1 | | |
| | **Балъкъэр Фоусэт (2)** | | | |
| 59. | **Балъкъэр Фоусэт** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 60. | Балъкъэр Фоусэт и лирикэр. **Усэ гук1э** | 1 | | |
| | **Кхъуэхъу Цуцэ (3)** | | | |
| 61. | **Кхъуэхъу Цуцэ** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 62. | «Уасэ» рассказым и темэ, идеер | 1 | | |
| 63. | «К1асэу щ1егъуэжащ» повестым щыщ **пычыгъуэ гук1э** | 1 | | |
| | **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр (3)** | | | |
| 64. | **Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр** и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ | 1 | | |
| 65. | «Гур зыщ1эхъуэпсыр» повестым и темэмрэ, идеемрэ | 1 | | |
| 66. | Повестым хэт образхэр. Зэрытха бзэр | 1 | | |
| 67. | **Классым щ1эмысу зэджамк1э къызэрапщытэж** урок | 1 | | |
| 68-70. | Гъэ псом яджам къытегъэзэжын | 3 | | |
| | | 70 | | |

**Календарно-тематическое планирование**

**Учебный предмет: родная литература (кабардино-черкесская)**
**Класс: 11 «а»**
**Учебник:** ***адыгэ литературэ***
**Недельная нагрузка-** 1ч.
**Годовая учебная нагрузка** - 34ч.

| **№** | **ТЕМЭХЭР** | **сыхь бж** | **щаджыну зэманыр** | **щаджа зэманыр** |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Хэзыгъэгъуазэ | 1 | | |
| 2 | Нало Заури гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | 1 | | |
| 3 | Къармокъуэ Мухьэмэди гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. **«Къоджэм уигъэжейркъым»** тхыгъэм и темэр, идеер. | 1 | | |
| 4 | Романным хэт образхэр.Тхыгъэм и ухуэкIэр , и бзэр. Литературэм и теорие | 1 | | |
| 5 | Тхьэгъэзит Зубер и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ и лирикэр. | 1 | | |
| 6 | МафIэдз Сэрэбий и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхыгъэм и темэр, идеер. | 1 | | |
| 7 | МафIэдз Сэрэбий и романхэм къыхэщ образхэр | 1 | | |
| 8 | **КлассщIыб къеджэныгъэ Нало Заур «Урыху Iубыгъуэ»** | 1 | | |
| 9 | Къагъырмэс Борис и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ и лирикэр. | 1 | | |
| 10 | Къагъырмэс Борис и «Лъагъуныгъэм и къарур» новеллэр | 1 | | |
| 11 | **Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | 1 | | |
| 12 | **Сочиненэ тхын «Псэм и жэнэтыр лъагъуныгъэрщ»** | 1 | | |
| 13 | Къэжэр Петр и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и литикэр. | 1 | | |
| 14 | Елгъэр Кашиф и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Щыуагъэ» романым и темэмрэ идеемрэ. | **1** | | |
| 15 | Журт Биберд и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Мэрэмэжьей» рассказыр. | 1 | | |
| 16 | Журт Биберд. «Унагъуэ» повестыр | 1 | | |
| 17 | Хьэх Сэфэрбий и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Шамсир» рассказыр | 1 | | |
| 18 | Хьэх Сэфэрбий и прозэр. « Пшапэ бзыгъэ» | 1 | | |
| 19 | Хьэх Сэфэрбий и прозэр. «Си хъуреягък1э» Литературэм и теорие. | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 20 | IутIыж Борис и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | **1** | | |
| 21 | IутIыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэр и темэр, идеер. | 1 | | |
| 22 | «Тыргъэтауэ» пьесэм къыхэщ персонажхэр. Литературэм и теорие. | 1 | | |
| 23 | Мэзыхьэ Борис и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ. «Бжьыхьэр пщ1ащэ пылъэлъыжыгъуэщ». повестыр.Литературэм и теорие. | 1 | | |
| 24 | Дыгъужь Къурмэн и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | **1** | | |
| 25 | Бештокъуэ Хьэбас и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и усэхэр. | 1 | | |
| 26 | Дэбагъуэ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.«Анэр нэм хуэдэщ».Пьесэм и темэр, идеер.Литературэм и теорие | 1 | | |
| 27 | Бицу Анатолэ и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | 1 | | |
| 28 | Бемырзэ Мухьэдин и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и усэхэр. | 1 | | |
| 29 | Ацкъан Руслъан и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | 1 | | |
| 30 | Мыкъуэжь Анатолэ и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ, абы и лирикэр. | 1 | | |
| 31 | **Сочиненэм хуэгъэхьэзырын** | **1** | | |
| 32 | **Сочиненэ тхын «ГъащIэм щызиIэ хъуэпсапIэр»** | 1 | | |
| 33-34 | Хэхэс адыгэ тхак1уэхэм я тхыгъэхэр | 2 | | |